

A Chegumi chii?

- ❖ Chegumi chidimbu chimwe chete pazvidimbu gumi(10%) chechimwe chinhu. Semuenzaniso, chegumi pa\$340 chinova \$34. Zviri nyore saizvozvo
- ❖ Chegumi chinodudzwa kekutanga apo Abhurahama nevatsigiri vake vakakunda madzimambo akanga atora vanhu veSodhoma sevasungwa (Genesisi 14:17-20).
- ❖ Jakobho akachitaura kechipiri muBhaibheri (Genesisi 28:20-22). Pauro akatsanangura kuti Revhi— ane dzinza raizogamuchira chegumi pakupedzisira—naiyewo “wakapa zegumi” (VaHebhuru 7:9).
- ❖ Kupa Mwari chegumi chezvose zvatinowana mutemo wakadzikwa kare kare kusati kwave nemutemo weSinai. Naizvozvo, unoshanda kuvatendi venguva dzese, kwete vaHebhuru chete.

B Chinofanirwa kupihwa sei?

- ❖ Bhaibheri rinotaura nezvegumi *zvakanosha* mumakore akawanda zvaifanirwa kupihwa kuvarombo(Deutronomio 14:28-29). Zvakadaro, chegumi *chenguva dzose* chaifanirwa kudzorera NGUVA DZOSE kuhomwe yeTemberi(Maraki 3:10; Nehemiya 12:44).
- ❖ Chivigiro chemari kana dura raive kamuri yakatsanangurika yakabatanidzwa netembere umo chegumi chaichengetwa (2 Makoronike 31: 11-12). Apo vanhu vaigara kure zvikuru zvokusagona kutakura chegumi chamakwai avo, zviyo, kana kuti michero, vaipa mutengo wakaenzana panzvimbo pezvo (Deutronomio 14:24-25).
- ❖ Mazuvano, chegumi chinopihwa mumakereke ari pedyo nesu. Zvadaro, inotumirwa kuhomwe yeConference, Union, kana Mission.

C Chinofanirwa kushandiswa sei?

- ❖ Zvegumi zvaitirwa kutsigira vaRevhi. Vaipawo chegumi chezvegumi izvozvo kuvapirista (Numeri 18:23-26).
- ❖ VaRevhi nevapirista vaitarisira mabasa echitendero nguva dzose. Ichi ndicho chikonzero nei chegumi chiri kushandiswa pari zvino kutsigira vafundisi nevashandi vebasa vanoshandira kereke.
- ❖ Kunze kwaizvozvo, kuvimba kwedu muna Mwari kunosimbiswa patinopa 10% yezvatinowana, sezvo tichitenda kuti achakomborera 90% yasara.

D Chegumi chinobvisirwa pachii?

- ❖ “Pfuma” yakadzorerwa pairo chegumi naAbhurahama (Genesisi 14:16, 22 yaireva mhuka; chikafu; nezvinhu zvinokosha zvakadai sendarama, sirivha, uye ngu. Izvi zvinhu zvaakanga asina kare, zvichiratidza kuwedzera. Naizvozvo, chegumi chinofanirwa kuverengerwa pane zvese zvakanikwa zvemari nemidziyo.
- ❖ Tinofanira kuisa chegumi chedu parutivi kana tangwana mari kana upfumi. NdechaMwari, uye Anofanira kuva wokutanga muupenyu hwedu. Hatifanire kushandisa mari yedu kusvika tazadzisa kuzvipira kwedu kuna Mwari.

E Kudzora chegumi kwakavimbika

- ❖ Ngationgororei chibvumirano chechegumi:
 - 1) Huwandu hwemari kana pfuma: 10% chaiyo yezvatawana. Kwete kupfuura ipapo kana kudzika ipapo.
 - 2) Isa mari iyoyo parutivi usati washandisa mari yatinowana kune zvimwe zvinangwa.
 - 3) Uya nayo kuhomwe yekereke, uchiratidza kuti ndeye chegumi kwete mupiro.
 - 4) Kuishandisira pachinangwa chayo chaicho: kutsigira vashandi vanoshandirwa nekereke.
- ❖ Tinoratidza kutendeka kwedu kuna Mwari nokuita zvinodiwa zvitatu zvokutanga. Chechina inotsamira pakutendeka kwevatariri vekereke.
- ❖ Kuva mutariri waShe iropafadzo nebasa rinounza zvikomborero.